Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме - китапхана орайы



# «Бүлбилзибан шайыр»

*Әжинияз Қосыбай улының биобиблиографиясы*

Нөкис – 2018

# *Кирисиў*

Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан баслап елимизде дөретиўши инсанларға айрықша итибар қаратылып, халқымыздың мәденияты менен руўхый дүньясын байытыў жолындағы ийгиликли ислер ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатланып келинбекте. Бул әзелден халқымызға тән болған әдебиятқа, мәдениятқа, көркем-өнерге, дөретиўшиликке деген айрықша меҳир ҳәм итибардың көриниси саналады.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев 2017-жыл 3 август күни елимиздиң дөретиўши зыялылары ўәкиллери менен ушырасыўында шығып сөйлеп былай деди. - Әдебият пенен көркем-өнерге, мәдениятқа итибар – бул бәринен бурын, халқымызға итибар, келешегимизге итибар, уллы шайырымыз Шолпанның айтқанындай, әдебият, мәдeният жасаса, миллеттиң жасаў мүмкинлигин умытыўға бизиң ҳасла ҳақымыз жоқ. Руўхый турмысымызды буннан былай да раўажландырыў мақсетинде соңғы ўақытта бир қанша әҳмийетли ҳүжжетлер, соның ишинде китапқумарлық мәдениятын арттырыў, мәдeният ҳәм көркем-өнер саласын жетилистириў, аймақларда уллы көркем-өнер ғайраткерлериниң аты менен аталатуғын дөретиўшилик мектеплер менен орайлар шөлкемлестириў ҳаққындағы қарарлар ҳәм бийликлер қабыл етилди – деп атап өтти Президентимиз. Сондай ақ, ол өз сөзинде Ташкент қаласында «Жазыўшылар қыябаны» қурылып атырғанлығы, ол жерде әдебиятымыздың ири ўәкиллерине бағышлап естелик комплекслериниң орнатылып атырғанлығы, сондай-ақ, басқа да бир қатар қалаларымызда белгили жазыўшы - шайырларымызға естелик орнатылып атырғанлығы ҳаққында айтып өткен еди. Мине солардың бири бизиң Нөкис қаласында қурылып иске түскен ҳәм ҳәзирги ўақытта ол жерде талантлы жаслар билим алып атырған Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсупов атындағы мектеп-интернаты болып табылады. Елимизде әдебиятқа, мәдениятқа деген мине усындай итибардың нәтийжесинде халқымыздың, әсиресе бүгинги жас әўладларымыздың әдебиятқа деген ықласы артып бармақта.

Халқымыздың руўхый дүньясын байытыўда әдебияттың, мәденияттың орны гиреўли екен,  демек биз өзлериниң өлмес әжайып дөретпелери менен халқымызға танылған жазыўшы, шайырларымыздың, дөретиўши инсанлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин өсип киятырған жас әўладларға еле де тереңирек таныстырып барыўымыз дәркар.

Қарақалпақ әдебияты өз сағасын XIV әсирден баслаған болса да XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының тарийхта тутқан орны басқаша. Буның баслы себеби қарақалпақ әдебиятының бул дәўирде өркенлеп өсиўи, жазба әдебияттың толық қәлиплесиўи мәселелери менен баҳалаў мүмкин. Қарақалпақ әдебиятында шайырлар көп,  Бердақ, Күнхожа, Өтеш,  Омар, Аяпберген Муўсаев, Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов ҳәм тағы да көп санлы көркем сөз дөретиўшилери. Олардың ҳәр бири өзиниң дөретиўшилик жолы, шайырлық таланты, поэтикалық стили, әжайып дөретпелери менен бир-биринен ажыралып турады. Ал, өзине тән әжайып дөретиўшилик жолына ийе, тек ғана қарақалпақ әдебиятында  емес, өзбек, қазақ түркмен халықлары әдебиятында да ылайықлы орын ийелеген, қарақалпақ халқының XIX әсирдеги классик шайырларының бири Әжинияз Қосыбай улы болып табылады. Биз  Әжинияз шайырдың дөретиўшилиги менен әдебий мийрасларын бүгинги жас әўладларға еле де толығырақ таныстырып барыў мақсетинде усы биобиблиографияны жазып отырмыз.

## *Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети*

Әжинияз Қосыбай улы 1824 жылы Мойнақ районының «Қамыс бөгет» деген жеринде туўылады. Ата-бабалары балықшылық, аңшылық ҳәм егин егип күн көретуғын адамлар болған. Әжинияздың әкеси Қосыбай, оның әкеси Балтабек, арғы атасы Ақжигит өз дәўириниң батыр адамлары болғанлығы мәлим.

Анасы Нәзийра да сөзге шешен, өз дәўириниң дилўар ҳаялларынан болып, дәстанларды жақсы билген. Әсиресе жуўап айтыста алдына адам салмайтуғынлығы сезиледи. Әкеси Қосыбай да шайыр ҳәм мерген адам сыпатында көзге түскен. Әжинияз жаслайынан ақ оқыўға берилген зийрек бала болып өседи. Бирақ оның жаслайынан анасынан айрылып қалыўы көп ғана қыйыншылықларды басынан кешириўине себепши болады. Ол аўыллық мешитте, кейин Хожамурат ийшан медресесинде дәслепки тәлимди алады. Бирақ анасының тосаттан қайтыс болыўы оның окыўын үзилиске түсиреди. Үйдеги отын-шөпке, үкелерине қараў жас Әжинияздың мойнына жүкленеди. Ол қалай болмасын өз билимин жетилистириў үстинде ойлана баслайды. Усындай жағдайларда жүргенинде оған туўысқан дайысы Елмурат ахун жәрдем қолын созады. Жийенимди өзим тәрбиялайман деп Әжиниязды өз медресесине алып кетеди. Елмурат ахун Бухараның Мирараб медресесин тамамлаған. Өз дәўириниң билимли адамларының бири еди. Ол диний китаплар менен бир қатарда шығыстың белгили классиклери Фирдаўсий, Саадий, Ҳафыз, Наўайы шығармаларын жақсы өзлестирген. Әжинияздын бул жерге келиўи өз билимин жетилистириўге үлкен жол ашып берди. Кеште медресениң өжирелеринде қалып, Наўайы ҳәм Ҳафыз ғәзеллерин ежелеп окыўы нәтийжесинде оның поэзияға болған ықласы кем-кемнен күшейе баслады. Әжинияз жаслығында медреседе оқыўы менен бир қатарда көп ғана китапларды көширип белгили қәтип болыўы менен де танылa баслаған. Ол он алты жасында Наўайының дийўанын көширгенлиги хаққында мағлыўматлар бар. Бирақта Әжинияз он жети жасына келгенде Елмурат ахун тосаттан қайтыс болады. Енди Әжинияз билимин буннан да көтериў ушын өзине сәйкес устаз таба алмай қалады. Соның ушында ол:

Заманымыз йоқдур йигит йўрмәга,
Ат минип, тон кийип, дәўран сүрмага,
Мен бахты қараға талим бермага,
Нәйлейин ҳеш адам шықпас, дилдарым.

- деп жазып, өзиниң ишки ҳәўирин қосық арқалы береди.

Аўыл медресеси дөгерегинде саўат ашыў Әжинияз шайырды қанаатландыра алмады. Ол буннан да тереңирек билим жолын аңсар еди. Сол ўақытта Хийўа ҳәм Бухараның медреселери тийкарынан қарақалпақлардың жергиликли байлары ҳәм дин ийелериниң балаларын ғана оқытатуғын еди.

Биракта Әжинияздың талантлылығы, шайырлығы кем-кемнен аўыл адамлары арқалы да тарқала баслайды. Хийўа медреселеринде оқыўға тилек билдирген Әжинияз ең ақырында сол ўақыттағы ашамайлылардың белгили мупты менен қазыларынан болған Тоңуз қазы менен молла Қоразлардан жәрдем сорайды. Усындай себеплер менен ол Хийўаның Шерғазы медресесине оқыўға киреди. Соңынан Қутлымурат инақ медресесинде тәлим алады. Шайыр бул ҳаққында өзиниң «Мегзер» деген қосығында:

Тушса яды отән күнләр,
Ағзымдын шыққан ушқунлар,
Хорезмде йўран күнләр,
Заўқы тамашая мегзер.

- деп жазады.

Хийўаның Қутлымурат инақ медресесиниң алдында: «Бул медреседе 1840-1844 жылларда қарақалпақ әдебиятының классиги Әжинияз Қосыбай улы оқыған» деген жазыўлар жазылған. Медреседе дин сабақлары менен бир қатарда Наўайы, Ҳафиз, Саадий, Физулий шығармалары да оқытылатуғын еди. Әжинияз бул поэзия шайдаларының дөретпелерин қунт пенен оқыды. Олардың данышпанлық пенен айтқан сөзлериниң әжайып дәстүрлерин үйренди.

Оның өмириндеги барлық қыйыншылықларын умыттырып, жүрегин жубатқан да тек сол классиклер тәрепинен айтылған алтын баҳалы сөзлер еди. Шайыр, өз заманындағы теңсизликтен қатты налыды. Соның ушында Әжинияз өзиниң «Дәўран болмады» қосығында өзи жасаған заманына болған пикирин төмендегише баянлайды:

Сәнемлер қолында тилла саз едим,
Ҳәўижге келтирер жанан болмады,

Туғрымда талпынған алғыр баз едим,
Қәлпе-саядларым маман болмады.

Әлип қәддим дәлдек болды бүгилди,
Көзлеримнен қанлы яшим төкилди,
Жол бойына үйген ҳасыл йугимди,
Базарға елтгендей кәрўан болмады.

Шайыр Хийўадағы Қутлымурат инақ ҳәм Шерғазы хан медреселеринде билим алып, иләҳият (дин) илиминиң жетик маманы болып шығады. Елине келип мешитте билимлендириў жумыслары менен шуғылланған. Соңынан Киши Жүз қазақлары арасында бир неше мәртебе болып, Мырза Қожбан деген ири феодалдың қәўедерлигинде мешит ашып бала оқытқан. Турмыстың түрли қыйыншылықларын басынан кеширген.

Әжинияз Қосыбай улы Қазақстан далаларында биринши мәртебе жигирма жасларында 1845-1846-жыллар шамасында бир жылға шамалас болып қайтқан. Әжинияз шайыр буннан кейинде Қазақстанға бир неше мәртебе барған. Әсиресе Қызыл Орда әтирапындағы қазақлар менен жақыннан қатнас жасаған. Соңынан өз аўылына келип ашамайлы урыўы айыллы тийресинен Ҳәмра деген қызға үйленген. Оннан Нағметулла, Ҳәбийбулла, Нийетулла деген үш бала ҳәм Ҳүрзада атлы бир қыз туўылады. Әжинияз Қосыбай улы 1858-1859 жыллардағы Қоңырат көтерилисиниң тек қатнасыўшысы ғана емес, бәлки оның ең баслы идеологларының бири болды. Соның ушын да ол көтерилис бастырылғаннан кейин Хийўа әмелдарлары тәрепинен тутқынға алынып, Түркменстанның Ташаўыз ўәлаятының әтирапына жер аўдарылып жибериледи. Арадан үш жыл өткеннен кейин ол тутқыннан қашып қутылады. Бирақта және Хийўа әмелдарларының қуўдалаўына ушырап Қазақстанға кетиўге мәжбүр болады. Усылай етип оның өмириниң көпшилик бөлеги Қазақстан, Түркменстан далаларында өтеди.

Әжинияз шайырдың қырға үшинши барыўы 1864-жылдың әтирапы деп шамалаўға болады. Себеби усы жылы ол қазақтың шайыр қызы Меңеш пенен айтысқан. Айтыстың текстине қарағанда да бул ўақытлары Әжинияз қырық жасында болған. Мысалы:

Той болса қызыл тонды кийермисең,
Отына ашықлықтың күйермисең,
Жылым қой, жасым қырықта қыз ай Меңеш,
Сен маған жасым сорап тийермисең?

деген қосық қатарларының өзи-ақ Әжинияздың сол ўақытлары қырық жаста екенлигин билдирип турады.

Усы дәўирлердеги Әжинияздың шайырлық шеңбериниң ең жетилискен гезлери деп қараўға болады. Бул сапарда да Әжинияз үш жылдай өмирин Қазақстанда өткизген. «Еллерим барды», «Бармекен», «Бардур», «Мегзер», «Айрылса», «Қаш-қаш» ҳәм «Хошласыў» дүркининдеги қосықларын жазған. Буннан кейин ол өзиниң туўылған аўылынан ҳеш жаққа шықпаған. Бозатаў, Қамыс бөгет, Жетим өзек деген жерлерде мектеп ашып, жергиликли халық балаларын оқытқан.

Әжинияз түркменлер арасында жүргенинде белгили түркмен классиги Мақтумқулының қосықларын қунт пенен үйренген. Усыған байланыслы ол Мақтумқулының көп ғана қосықларын қарақалпақ тилине аўдарған. Ҳәтте айырым қосықларын өз дөретпесине қосып кеңейтип жазған. Әжинияз өз заманының терең ой-пикирли, жетик билимли адамы болған. Оның бул қәсийетлери қосықларына терең сиңдирилген. Әжинияз өз қосықларына Зийўар деген тақаллус қойып жазған. ″Зийўар″ сөзлик мәниси бойынша ″сулыў, шырайлы″ дегенди аңлатады. Шығыс поэзиясының дәстүри бойынша белгили шайыр өзиниң шығармаларына ҳақыйқый атын емес, ал тақаллус, яғный шайырлық лақабын қойып жазған. Тақаллус қосықтың ең соңғы бәнтине қойылатуғын болған. Мысалы:

**Зийўарың** хошласар қәдириңни билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип.

Әжинияз (Зийўар) шайырдың дөретиўшилик мийрасы тийкарынан лирикалық қосықлардан ибарат. Олардың тематикасы ҳәр қыйлы: Ўатан темасы, социаллық тема, дидактикалық тема, философиялық темадағы қосықлар, муҳаббат қосықлары ҳ.т.б.



**Ўатан ҳаққындағы қосықлары:** Ҳәр бир көрнекли шайыр өзиниң туўылған жерин, елин сүйеди, оларды шайырлық йош пенен жырлайды. Әжинияз да өзиниң туўылған жерин шын жүрегинен сүйди ҳәм жырлады. Ўатан темасы оның поэзиясының өзек темаларынан болды.

Беглер тәрийип етсем Қалпақ йўртыны,
Хуп әжеп тамаша еллери бардур.
Ариф болып ҳақ йолына еришкен
Муршийди мукаммал пирлери бардур.

("Бардур")

Өтирикти ырас етип айтпаған,
Туўры жолдан бас кетседе қайтпаған,
Намаҳремди ҳасла жолдас тутпаған.

Аты қарақалпақ еллерим барды.

("Еллерим барды")

Бул қосықлар лириканың тәрийип (мақтаў, арнаў) жанрында жазылған. Оларда шайыр қарақалпақ елиниң жақсы жақларын көтериңки, мақтаныш сезимлери менен жырлайды, оның руўхый камалатқа ерискен уламаларын (арифлерин, жетик пирлерин), қарақалпақлардың халықлық характерин, түрли-түрли аңлары менен жемислерин, әдеп-икрамлы ҳәм гөззал қыз-жаўанларын, Ғөруғлыдай батыр жигитлерин, ел басқарған атақлы бийлерин терең ҳүрмет ҳәм сүйиўшилик пенен мақтайды, солар арқалы пүткил қарақалпақ елиниң атын көтереди.

Зийўар шайырдың Ўатан темасына арналған бир қатар қосықларында жат еллерде жүрген адамның өз Ўатанынан айра түсип, оны аңсап, жүрегин сағыныш сезимлери бийлеген ҳалаты бериледи:

Арзыў әйлер кеўлимиз өз йўртымызға барғалы,
Ярыў-дослар ҳәм қәдирдан билән биргә йүргели,
Рәҳим әйле патшаҳым, елге жеткер сен мени,
Я иләҳим, елимди көрер күнлер бар ма екен?

("Бар ма екен")

Туўылған елди, ата-ананы, ул-қызды, досларды сағыныў, сүйиў, оларға садықлық сезимлери, бир сөз бенен айтқанда Ўатанды сүйиў мотивлери Әжинияздың "Бозатаў", "Қал имди", "Бар ма екен?", "Хош имди", "Шықты жан", "Салам дегейсең", "Жақсы", "Әжинияздың Қыз Меңеш пенен айтысы" шығармаларында айқын сәўлеленген. Улыўма алғанда Әжинияз поэзиясында Ўатан темасы белгили бир көркем концепция, идея сыпатында (Ўатанды сүйиў, патриотизм түсиниклериниң системасы, дүзими сыпатында) көтериледи ҳәм сәўлеленеди.

**Социаллық темадағы қосықлары:**

Әжинияз дөретиўшилигиниң белгили бир бөлегин социаллық темадағы қосықлары қурайды. Шайыр оларда заман теңсизлигин, халықтың социаллық қыйын жағдайларын, әдалатсызлықларды бүркемей көрсетеди, зорлықты, инсапсызлықты, басшы топарлардың бийбастақлығын, унамсыз қубылысларды өткир сынға алады.

**Муҳаббат лирикасы:**

Жанрлық қәсийетлери бойынша муҳаббат қосықлары лирикалық қаҳарманлардың жүрек төринен шыққан мөлдир сезимлерин береди. Ашықлық қосықларында лирикалық қаҳарманды адамға тән ҳасыл қәсийет болған шын кеўилден сүйиў сезимлери бийлейди, ол усы сезимлер қурсаўында болады, лирикалық қаҳарманның жүрегин аўыртып шыққан сезимлерин, жеке дәртлерин, аҳыў-зарын береди. Муҳаббат сезимлери де жеке дәртлерге жатады. Әжинияздың муҳаббат лирикасының көпшилиги романтикалық усылда жазылған, яғный муҳаббат иләҳий бир сезим, ал ашық-машықлар күнделикли турмыстың майда-шүйдесинен әлле қайда жоқары туратуғын, муҳаббатқа садық иләҳий инсанлар болып сәўлеленеди.

Қара көзли, шийрин сөзли дилбарым,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.
Таза гүлистаным, моҳи әнўарим,
Ҳәсиретиңнен хеш қарарым йоқ мениң.
Сени көрсем болур мениң кеўлим шад,
Жәҳенниң ғамийдин болурман азад,
Нәзакат бабында қәматиң шамшад, (сулыў дарақ)
Сендин өзге үлфикарим йоқ мениң.

("Йоқ мениң")

Әжинияздың лирикалық қаҳарманы (ашық) өз машығына жан-тәни менен берилип, оны ессиз сүйеди, оның ушын жисманий ҳәм руўхый азапларға

гириптар болады, бирақ бул азапларға төзим береди, өз муҳаббатынан безип кетпейди, муҳаббатқа исенип жасайды.

Тынбас кеше-күндиз көзим гирьяны, (көз жасы)
Болыпман мен оның бағры бирьяны, (күйгени)
Жисмимди өртеди дағы, ҳижраны,
Көзде яшым төкип кетти шул пәрий.

(″Бир пәрий″)

Муҳаббат темасы Әжинияздың ″Бир жанан″, ″Гөззаллар″, ″Бир пәрий″, ″Йол болсын″, ″Сәўдигим″, ″Ҳәр киманың яры болса″, ″Дилдарым″, ″Түсер″ қосықларында ҳәр тәреплеме сәўлеленген. Оларда ашық өз машығын жүрегинен сүйеди, оның азабында күйип-жанады, машығына шын бериледи, садық болады, оған жүрек сезимлерин арнайды, пүткил өмирин бағыш етеди. Әжинияз жырлаған ашықтың кеўил сарайы усындай ҳадал ҳәм мөлдир сезимлерге толы.

Әжинияздың муҳаббат жырлары мәзи кеўил ашар ямаса зыяпат қосықлары емес, оларда муҳаббат мәселеси пүтин бир философиялық концепция сыпатында көтериледи. Әжинияз концепциясы бойынша муҳаббат социаллық қубылыс емес, ал социаллық айырмашылықларға бағынбайды, ол ″шаҳыў-гада″ға бирдей тән болған ҳасыл ҳәм иләҳий сезим. Әжинияздың муҳаббат концепциясы терең лирикалық сезимлер, жоқары дәрежедеги көркемлик пенен сәўлеленген.

**Әжинияз мухаммеслери:**

Қарақалпақ поэзиясына Шығыс лирикасының мухаммес жанрын биринши мәртебе енгизген Әжинияз болды. Мухаммеслерди халық тилинде ″мухаммеслер″ деп атаған, олар халық бақсылары репертуарынан кең орын алып, өз алдына ″муқаллес″ намалары пайда болған.

Мухаммес қосық қурылысы бойынша Шығыс поэзиясының аруз өлшеминде жазылатуғын лирикалық жанр. Бул қатардан ибарат бир неше бәнтлерден турады, а-а-а-а-а, б-б-б-б-а, в-в-в-в-а, г-г-г-г-а тәризинде уйқасады.

Мухаммеслер ҳәр қыйлы темаларда жазылады. Олардан муҳаббат ҳәм философиялық темаларға жазылғанлары көбирек көринеди. Әжинияз өз мухаммеслеринде ышқы-муҳаббат, айралық, сағыныш, өкиниш, сүйиниў, толқынланыў усаған ишки сезимлерди, руўхый толғанысларды береди.

Көп салам мендин бирадар, ашнайыў дуўжаҳан -а
Шиддатий рузый қыяметдин йаман, - а
Алты сан алашны гездим, тапмадым намыў-нышан, -а
Иншалла гүзге барарман, болсам аман, -а
Аҳ дарийға, ўаҳ дрийғ, мың саны ярман, шықты жан. -а

("Шықты жан")

Бул мухамместе лирикалық қаҳарман жүрек сырларын, арзыў-әрманларын, басынан кешкен азапларын баян етеди.

Әжинияз мухаммеслеринен "Бери кел", "Әй әлип", "Оян" ашықлық темасына, "Көзлерим", "Шықты жан" налыш, өкиниш, "Қыз Ораз" тәрийип, мақтаў, "Керек" ҳәзил-дәлкек темаларына жазылған. Әжинияз өз мухаммеслеринде көркемлеўдиң ҳәр қыйлы усылларын орынлы ҳәм өнимли қолланып, оларды түрлендирип, жилўаландырып жибереди. Әжинияз өз мухаммеслеринде көркемлеўдиң ҳәр қыйлы усылларын орынлы хәм өнимли қолланып, оларды түрлендирип, жилўаландырып жибереди. Мысалы, онның ышқы –муҳаббат темасына жазылған "Әй әлип", "Бери кел" мухаммеслеринде Шығыс поэзиясындағы дәстүрли сөз ойыны усыллары шебер ислетилген.

Әй-әлип  ақ йүзиңдур, айни алам анўарий, -а- 14 буўын
Бе-белиң қыпша дилбар, көз ғанаң шахла ўәлий, - а- 14
Те-тисиндур дана-дана ләблериңниң палларий,  - а- 15
Се-сорып  шийрин ләбиң қанадурман әй пәрий.  – а - 14
Жим-жамалын көрмегенше, зары-гирян Зийўарий. -а- 15

Мысалға келтирилген мухаммес әлипбе тәртибинде жазылған, бес қатарлы сегиз бәнттен ибарат, әлипбениң барлық ҳәриплерине қатарлар байланған , қатарлары 14-15 буўынлы, а-а-а-а-а, б-б-б-б-а, в-в-в-в-а тәризинде уйқасады, ашықлық темасын сәўлелендиреди. Әжинияздың "Бери кел" мухаммеси де әлипбе тәртибинде жазылған, бес қатарлы алты бәнттен турады, бул да ашықлық темасына бағышланған.

Әжинияз XIX әсир қарақалпақ поэзиясына мухаммеслерди енгизип, оларды әдебий жанр сыпатында қәлиплестиреди. Оның мухаммеслери терең мазмунлы, көркемлиги жоқары, соның менен бирге олар қарақалпақ халқының көркем-эстетикалық уғымларына, түсиниклерине, талапларына шақлап жазылған. Әжинияздың мухаммес жазыў тәжирийбеси ҳәзирги заман қарақалпақ шайырлары тәрепинен кең пайдаланылмақта.

**"Бозатаў" поэмасы:**

Әжинияздың "Бозатаў поэмасы - қарақалпақ халқының басынан кешкен тарийхый ҳәм трагедиялық ўақыяны көркем сәўлелендиретуғын шығарма. Әжинияз дөретиўшилигин үйренген әдебиятшылардың барлығы дерлик "Бозатаў"ды тарийхый мазмундағы шығарма деп таныйды ҳәм оны тарийхый жыр ямаса тарийхый поэма деп атаайды.

"Бозатаў"да жаўгершилик ҳәм посқыншылық жағдайлары сәўлеленеди. Бул жағынан "Бозатаў" өзинен алдыңғы әсирлерде дөреген "Ормамбет бий", "Посқан ел" толғаўларына кейип береди. Шығармада XIX әсирдиң орталарында (1858-жыл) өткен тарийхый Бозатаў ўақыясы сөз болады. Тыныш отырған елге түркмен баспашыларының басып кириўи, елди шабыўы, адамларды бенде етип айдап кетиўи терең лиризм ҳәм драматизм менен жырланады.

Кимсе шаҳийд болды, жандын айрылды,
Кимсе гада болды, малдын айрылды,
Кимсе көзи қунқарыдын айрылды,
Башыңа қыямет түшти Бозатаў.

Зийўарың хошласар қәдириңни билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол , бизден қалдың Бозатаў.

Шығармада шайыр Ўатаннан, туўып-өскен мәканнан айра түскен адамның аҳыў-зарын, тыныш елдиң посып бүлгиншиликке ушыраўын терең лирикалық сезимлер менен береди, ўақыяларды жүрек елегинен өткерип, өз жүрегиндеги Ўатан дәртин қайғы-ҳәсиретлерин улыўма халықлық дәртлерге ушластырады ҳәм терең лиризм арқалы халықлық трагедияны береди. Шығармада өзиниң басланыўына, раўажланыўына ҳәм жуўмақланыўына ийе эпикалық сюжет ҳәм эпикалық персонажлар көринбейди, ўақыялар жоқарыда ескертип өтилгениндей лирикалық қаҳарманның жүрек сезимлери арқалы сәўлеленген. Демек, "Бозатаў"- өзиниң жанрлық тәбияты бойынша лирикалық шығарма. Үлкен тарийхый ўақыя лирикалық қаҳарманның жүрек сезимлери арқалы берилгенликтен "Бозатаў" ды лирикалық поэма деп белгилеў мүмкин.

Әжинияздың "Бозатаў" поэмасы қарарқалпақ әдебияты тарийхында Ўатан, халық тәғдири темасын жырлайтуғын терең мазмунлы, тәсирли уллы шығармалардың бири болып саналады. Сонлықтан халық оны ядқа билген ҳәм белгили "Бозатаў" намасына салып айтқан.

**Әжинияздың бенен Қыз Меңештиң айтысы:**

Әжинияздың Киши жүз қазақлары арасына Қожбан деген ири феодалдың қарамағындағы мешитлерде  моллашылық етеди. Ол заманның үрдиси бойынша үлкен байлар тойға мирәт етилсе, қасына гүреске түсетуғын палўанын, бәйгиге түсетуғын атын, айтысқа түсетуғын ақын, шайырларын алып баратуғын болған. Мырза Қожбан үлкен бир тойға мирәт етилген. Әжинияз өзиниң моллашылығын сылтаў етип айтысқа түседи, қәлемесе де, Мырза Қожбан Киши жүздиң атақлы ақын қызы Меңеш пенен айтысқа түсесең деп, тойға зорлап алып барған.

«Қоймады ҳеш еркиме Мырза Қожбан,
Тусында ақ Меңештиң өлең айт деп»

Әжинияздың Қыз меңеш пенен айтысы усы жанрдың дәстүри бойынша ат-жөн, урыў, ел сорасыў, жол болсын сораўдан басланады. Көркем сөз өнеринде айтыс жанрының өзине тән талаплары, белгилери бар. Айтыслар еки түрге бөлинеди: аўызеки айтыс ҳәм шайырлар айтысы (жазба түрде). Аўызеки айтысқа айтысыўшылар тойда аямаса қандай да бир жыйында  жүзбе-жүз ушырасып, дәсме-дәс айтысады. Айтысыўшылар алдын-ала таярлықсыз, суўырып салмай жолы менен сөз жарысына түседи. Олар жеңиске ерисиў ушын гейде бир-бириниң түрли кемшиликлерин бетине басып минейди, сынайды. Айтыс шайырлардың импровизациялық талантын белгилеп беретуғын қызықлы жанр. Әжинияз тәғдир айдап қазақтың ақын қызы Меңеш пенен айтысқа түсип, өзиниң шайырлық талантын, импровизаторлық уқыбын көрсеткен. Меңеш те өзи мәкән еткен жеринде топ айырып шыққан, өлең сөздиң шебери, асқан ақын, талай ақынлар менен жарысқа түсип бәйги алған, мереке-жыйын, той-думанның көрки болған қыз. ("Биледи Меңеш десе Киши, Уллы жүз"). Әжинияздың өзи берген мағлыўматқа қарағанда, ол қыз Меңеш пенен қырқ жасында айтысқан ("Жылым қой, жасым қырқта, ай Қыз Меңеш"). Бул айтыс халық арасына кең тарқалып, оның тексти Ташкентте шығатуғын "Түркстан ўалаяты" газетасында биринши мәртебе 1878-жылы басылған.

Меңеш: Қалпақпысаң, сартпысаң, өзбекписең?
Әкеңниң қойған аты ким, сүйегиң ким?
Әжинияз: Әкемниң қойған аты Ҳажынияз,
Урыўым қарақалпақ, сол сүйегим.
Меңеш: Қарақалпақ дегенде журт болып па?
Дегениң қарақалпақ немене еди?...
Әжинияз: Қарақалпақ қазақ пенен теңбе-тең журт,
Көрмей, билмей сыртынан қылмай мазақ.

Буннан соңғы сораў-жуўапларда қарақалпақ жигитлериниң, қызларының сыпатламасы бериледи, қарақалпақлардың халықлық белгилери үрп-әдетлери, дәстүрлери сүўретленеди. Бул сүўретлемелерде Әжинияздың өз елин, халқын, жигит-қызларын мақтаныш етеди, туўылған Ўатанына, халқына болған сүйиўшилик сезимлери айқын көринеди.

Айтыста шайырлар елдеги социаллық мәселелерди тирек етип бириниң үстинен бири жеңиске ерисиўге урынады, бирақ айтыстың барысында қазақлар да, қарақалпақлар да социаллық жағдай төмен дәрежеде екенлиги ашылады.

Меңеш: Астырттан қалпақ келер жетелеген,
Ҳәр үйден пәтия берип нан тиленген,
Хожаке, сениң елиң мырза болса,
Келеди қалпақ неге тентиреген…

Әжинияз: Ҳәр елдиң ондай ашы болмай ма екен?
Аш қазақ бизиң елде оннан да көп…
Бул заман келме-гезек сондай заман,
Айтасаң оның несин салық қылып.

Айтыс даўамында еки елдеги социаллық жағдай, ҳаял-қызлар теңсизлиги, адам ҳуқықы, ири мүлк ийелериниң, әмелдарлардың зорлығы туўралы ҳақыйқатлық ашылады. Айтыстың соңында Әжинияздың улама сыпатында оқымыслылығы, жоқары мәденияты көринеди. Ол Меңешти жеңдим деп масайрап кетпейди, өзиниң инсаныйлық пазыйлетлерин сақлап, Меңешти ҳүрмет етеди. Айтыс Әжинияз ушын қарсыласын муқатыў, кемситиў, баспалатыў қуралы емес, ал сөз өнериниң жарысы, тил жүйриклигин, ой-өристиң кеңлигин белгилейтуғын майдан. Буны ақыл-ойы терең Меңеш те жақсы түсинеди. Сөз жарысынан соң қарсыласлар айтыс бабында айтылған қатты-қайырым сөзлерди дәрҳал умытып, бир-бирин ҳүрмет етеди. Әжинияз улама сыпатында айтыстағы қарсыласы Меңешке жыллы-жыллы сөзлер айтып, ҳақ пәтиясын береди.

"Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысы" - қарақалпақ әдебиятында айтыс жанрын ҳәр тәреплеме толтырып, оны жоқары дәрежеге жеткерген шығарма. Бул айтыс улыўма инсанийлық идеяларды сәўлелендириўи ҳәм социаллық жағдайларды қозғаўы менен урыў ямаса аўыл шеңбериндеги жадағай айтыслардан әлле қайда жоқары турады. Онда еки айтысыўшының да тил жүйриклиги, дүнья, жәмийет, социал турмыс ҳаққында ой-пикириниң тереңлиги көринеди. Айтыстың жанрлық тәбиятына ылайық сатиралық сүўретлеў мейлинше кең қолланылған.

Көрнекли шайыр 1878-жыллары 54 жасында қайтыс болған. Шайырдың денеси Қуўандәрьяның бойындағы Қуўсырық қойымшылығына жерленген. Әжинияз шайырдың әўладлары ҳәзирги ўақытта Қоңырат, Қанлыкөл, Шоманай районларында ҳәм Нөкис қаласында жасап атыр.

Әжинияздан бизге ҳәр қыйлы темада жазылған 150 ге жақын лирикалық қосықлар мийрас болып қалды. Ол қарақалпақ әдебияты тарийхында аса билимли лирик шайыр болып қалыў менен биргеликте, өз қолжазбаларын мийрас етип қалдыра алған, белгили көркем сөз ийелериниң бири.

Нөкис қаласындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты шайырдың аты менен аталады, бул оқыў дәргайын ҳәр жылы бир неше жүзлеген студент жаслар питкерип шығып елимиздиң гүллеп жаснаўы ушын өзлериниң билимлерин аямастан түрли тараўларда хызмет етип келмекте. Пединституты питкерип, тәлим-тәрбия тараўында үлгили хызмет атқарған, кәсибин мақтаныш деп билген муғаллим А.Өтениязов, меҳрибан тәрбияшы В. Пак, жазыўшы Т.Қайыпбергенов, шайыр И.Юсупов, илимпаз Ғ.Хожаниязовлар Өзбекстан Қаҳарманлары болып, халқымыздың мақтанышына айланды. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға белгили илимпаз алымлар: М.Нурмухаммедов, С.Камалов, Ж.Базарбаев, А.Бахиев, Ҳ.Ҳамидов, А.Дәўлетовлар Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясының академиклери болып жетилисти. Зейинли ҳәм талантлы студентлерден М. Өтемуратов, Д.Бекимбетова ҳәм Г.Абиповалар Республикалық «Ниҳол» сыйлығының лауреаты болды. Институт жәмәәти заманға сай, наўқыран, ҳәр тәреплеме раўажланған жоқары дәрежедеги

қәнигелерди таярлап, жасларға сапалы билим бериўде ҳәм илимий-изертлеў жумысларында жоқары көрсеткишлерге ерисип келмекте.

Нөкис қаласының пайызлы дем алыў орынларының биринде Әжинияз бабамыздың естелик ҳәйкели орнатылған, және де Әжинияз шайыр атына мектеплер, көшелер қойылған болып, бул бизиң ҳәр бир ўатанласымыз ушын үлкен бир мақтаныш. Шайырдың мийрасларын бүгинги ҳәм келешек жас әўладлар оқып үйрене берери сөзсиз, себеби оның ҳәр бир қосық қатарларында Ўатанға, туўылған жерге муҳаббат туйғысы айқын көринип турады.

## *Әжинияз шайырдың шығармалары*

**1960**

**1.** Әжинияз Қосыбай улы. Танламалы шығармалар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1960. -180 б.

**1975**

**2.** Әжинияз. Бозатаў. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1975 - 25 б.

**3.** Әжинияз. Нөкис: Қарақалпақстан,1975 - 250 б. Өзбекстан СССР илимлер академиямының Қарақалпақстан филиалы М. Даўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институты

**1988**

**4.** Әжинияз (Зийуар). Танламалы шығармалар. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. – 152 б.

**1993**

**5.** Әжинияз. Бир пәрий: ашықлық ҳәм нама қосықлары. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. - 72 б.

**1994**

**6.** Әжинияз. Таңламалы шығармалар. - Нөкис: Қарақалпақстан,1994. -116 б.

## 1995

**7.**Әжинияз. Боатаўлы нәзәлим: Әжинияз шайырдың нама қосықлары. - Нөкис: Қарақалпақстан,1995 - 56 б.

## 2015

**8.**Әлеўова Г. Әжинияз Қосыбай улының сиясий – ҳуқықый көз караслары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2015. - 48 б.

## *Әжинияз шайыр ҳәм оның шығармалары хаққында*

## 1975

**9.**Мәмбетов К. Әжинияз шығамаларында шығыс классиклериниң дәстүрлери // Әмиўдәрья. -1975. - № 7. - Б. 110.

**10.**Рейпназаров С. Шайырдың сиясий – жәмийетлик көз - караслары: [Әжинияз Қосыбай улының 150 жыллығы алдынан] // Совет Қарақалпақстаны.- 1975.-18 июль.

## 1976

**11.** Қәлимбетов Б. Шайырдың азаматлық лирикасы // Жас Ленинши. - 1976. - 2 апр.

**12.**Насруллаев Ә. Әжинияз шайырдың поэзиясы туўралы // Еркин Қарақалпақстан. - 1976. - 3 апр.

## 1977

**13.**Бекбаўлов О. Әжинияз творчествосын және де тереңирек үйрениў мәселесине // Әмиўдәрья. - 1977. - № 2.- Б. 121 - 125.

**14.**Өтеўлиев И. Әжинияздың Қыз Меңеш пенен айтысында қарақалпақ миллий өзгешелигиниң суўретлениўи // Әмиўдәрья. -1977. - № 7 - 8.- Б. 93 - 95.

## 1989

**15.**Пахратдинов Ә. Әжинияздың Бозатаў шығармасы хаққында // Әмиўдәрья - 1989.- № 4.

**1990**

**16.**Әбилов К. Әжинияз шайырға арналған: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. -1990. - 2 февр.

**1991**

**17.** Абдуллаев И. Мерекеге таярланып атырмыз: [шайыр туўылған жерден хат] // Еркин Каракалпакстан -1991.- 5 нояб.

**18.** Байниязов Қ. Нусқаны өзгерте бермейик ямаса төрт мәртебе туўылып еки мәртебе өлген Әжинияз шайыр // Еркин Қарақалпақстан. - 1991. - 11 дек.

**19.** Сағитов И. Әжинияз ҳаққында жаңа изертлеў // Әмиўдәрья -1991.- № 1.- Б. 87 - 88.

**20.** Төремуратов Т. Әжинияз атамызға бәри де арзыйды: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. -1991. - 15 нояб.

**1992**

**21.**Әлеўов Ө. Әжинияздың эстетикалық көз қараслары // Еркин Қарақалпақстан. -1992 - 28 нояб.

**22.**Баҳадырова С. Исленер жумыслар көп: [Әжинияздың туўылғанының 170 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. - 14 нояб.

**23.** Генжемуратов Б. «Яр деп өмирим ада болды, бул ислерди қуда қылды...»: [Әжинияздың туўылғанының 170 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. - 12 нояб.

**24.** Қәлимбетов Б. Әжинияз көркем сөз шебери // ҚР.ИА.ның хабаршысы. - 1992.- № 1. - Б. 141-146 .

**25.** Мәмбетов К. Әжинияз ағартыўшы шайыр // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. - 23 май.

**26.** Мәмбетов К. Еле сан - мың сыры ашылмаған шайыр: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. - 28 февр.

**27.** Муртазаев А. Әжинияздты еле де тереңирек изертлеў жолында // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. - 9 май.

**28.**Утамбетов Б. Әжинияз Қосыбай улының дүньяға философиялық көз қараслары ҳәм өмир машқаласы: [Әжинияздың 185 жыллығы] // Хабаршы. – 1992. - № 3. – Б. 142-145.

**1993**

**29.** Байниязов Қ. Әжинияз шайыр ҳаққында халықтың аңыз - әңгимелери. // Әмиўдәрья.-1993.- №.1.- Б. 87 - 91.

**30.** Базарбаев Ж.. Исми ылайық инсан…: [Әжинияздың 170 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. -1993. - 2 нояб.

**31.** Байниязов Қ. Мен де бир бийқайғы заман болмады: [Әжинияздың туўылғанының 170 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. - 1993. – 29 апр.

**32.** Мәмбетов К Әжинияз шайырдың туўылған жылы хаккында // Еркин Қарақалпақстан. -1993.-10 июль.

**33.** Муртазаев А. Классикалық поэзиямыздың бийбаҳа ғәзийнеси // Әмиўдәрья . -1993. - № 7 - 8.

**34.** Муртазаев А. Әжинияз дөреткен образлар // Хабаршы. -1993.- № 4.

**35.** Султамуратов М. Әжинияздың жаңадан табылған қосықлары //Арал.-1993. - № 1.-б. 51-52.

**36.** Сержанова И. Әжинияз шайырдың жаңа қосықлары // Еркин Қарақалпақстан. -1993. - 21 авг.

**1994**

**37.** Әжинияз шайырдың ашығы Ахмед // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. - 23 февр.

**38.** Әжиниязға арналған илимий очерк: [Профессор Камал Мәмбетовтың Әжинияз шайырдың туўылғанына 170 жыл толыў юбилейине арнап «Әжинияз» атлы илимий очерки шықты] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994 - 19 февр.

**39.** Бегжанова Б. Шайырдың әдебий мийрасы ҳәм миллий мәденияты: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 170 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. -1994. - 6 дек.

**40.** Дәўлетова Г. Әжинияз қосықларында лирикалық қаҳарман: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 170 жыллығы] // Әмиўдәрья. -1994. - № 1. - Б. 73 - 76.

**41.** Исмайлова А. Мектеплерде Әжинияз шығармаларын оқытыў мәселеси // Еркин Қарақалпақстан. - 1994.-13 сент.

**42.** Қәлимбетов Б. Устаз ҳәм шәкирт: [Әжинияз ҳәм Наўайы ҳаққында] // Әмиўдәрья. -1994.- № 10. - Б.14 -15.

**43.** Мақсетов Қ. Әжинияздың 1858-59-жылларғы Қоңырат көтерилисине қатнасы ҳаққында: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. -1994. – 26 июль.

**44.** Пахратдинов Ә. Әжинияздың әдебий орталығы ҳаққында // Әмиўдәрья. - 1994. - № 10 - 12.- Б.10 -12.

**45.** Пахратдинов Ә. Әжинияз дөретпелериниң сағалары: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығы] // Қарақалпақстан жаслары. -1994. -19 нояб.

**46.** Пахратдинов Ә. Әжинияз XIX әсир қарақалпақ классикалық поэзия жулдызларының бири: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. -1994. - 29 янв.

**47.** Тәңирбергенов У. Бабамыз руўхын шад етип: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. -1994. – 15 окт.

**48.** Тилеўова Н. Аты қарақалпақта бир дилўар еди: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. - 23 окт.

**49.** Турдымуратова З. Әжинияз шайыр ҳәм сазенде // Қарақалпақстан жаслары. -1994. - 7 май.

**50.** Ҳамидов Ҳ. Әжинияз – уллы байтерегимиз: [Әжинияз 170 жаста] // Әмиўдәрья. - 1994. - № 10 -12. - Б. 5 - 10.

**51.** Юсупов И. Әжинияз шығармаларын көркем оқытыў // Қарақалпақстан жаслар. -1994. - 19 нояб.

**1995**

**52.** Әжинияз бабаға бағышланған конкурс // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. - 23 февр.

**53.** Байниязов Қ. Әжинияз шайырдың мийрасларының ҳәзирги изертлениў жағдайлары // Әмиўдәрья. - 1995. - № 10 - 12. - Б.100 - 101.

**54.** Байниязов Қ. Әжинияз шайырдың әўладлары // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. - 30 март.

**55.** Байниязов Қ. Әжинияз шайыр мийрасларының ҳәзирги изертлениў жағдайлары // Әмиўдәрья. - 1995. - № 10 -11.- Б. 100 - 104.

**56.** Дәўлетова Г. Әжинияз поэзиясында кун шығыс дәстүрлери // Әмиўдәрья- 1995. - № 1 - 2. - Б. 100 -101.

**57.** Мақсетов Қ. Әжинияз ҳәм халық поэзиясы // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. - 4 март.

**58.** Мәмбетов К. Қарақалпақ әдебиятының мақтанышы: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. - 30 март.

**59.** Муртазаев А. «Бозатаў»дағы базы сөзлер ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. - 18 март.

**60.** Муртазаев А. Лирикалық имканиятлары шексиз: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995.- 4 февр.

**61.** Насырова К. Әжинияз тәкирарланбас ҳаўазға ийе сөз зергери // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. - 2 нояб.

**62.**Оспанов М. Зийўар руўхына бас ийип: Кенимехтан хат: [Әжинияз Қосыбай улының 170 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. - 15 апр.

**63.**Отамбетов Б. Әжинияз Қосыбай улының дүньяға философиялық көз қараслары ҳәм өмир проблемасы // Әмиўдәрья. -1995. - № 7 - 8. - Б. 76 -78.

**64.** Өтеўлиев И. Сөзле ҳа бүлбил зибаным: [Әжинияз шығармаларында ҳаял - қызлар образын жасаўдың миллий өзгешелиги] // Қарақалпақстан жаслары. - 1995. - 11апр.

**65.** Хожаниязов Ҳ. Әжинияз Ахун қайсы медреседе оқыған? // Еркин Қарақалпақстан. -1995. - 4 нояб.

**66.** Юсупов И. Халық муңын, инсан әрманын жырлаған шайыр // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. - 30 март.

**1996**

**67.** Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасында редифлер // Хабаршы. - 1996. - № 1-2.- Б. 125.

**68.** Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасында метафоралар // Әмиўдәрья. -1996. - № 1 - 2. - Б. 107 - 109.

**69.** Генжемуратов Б. Ҳәр ким суўфы болса нәпси кем болур:[Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 170 жыллығы] // Әмиўдәрья. -1996. - № 1. - Б. 70 - 73.

**70.** Дәўлетова Г. Әжинияздың образ дөретиўдеги жаңашылығы // Қарақалпақ - стан жаслары. - 1996. - 30 май.

**71**. Дәўлетова Г. «Сазын самал ядлап, сөзин ел билген», Уллы зибан: [Әжинияз Қосыбай улы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 29 авг.

**72.** Жәримбетов Қ. Зийўар шайыр көкнарды жырлаған ба?: [Әжинияз] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. - 23 июль.

**1997**

**73.** Дәўлетова Г. Мақтумқулының «Дабран тапылмас» ҳәм Хажинияздың «Дәўран болмады» қосықларында адам тәғдири мәселеси // Әмиўдәрья. - 1997. - № 3 - 4.- Б. 93 - 96.

**74.** Өтемуратов Ж. Әжинияз шайырдың айтысындағы юмордан пайдаланыў шеберлиги // Әмиўдәрья. -1997.- № 1-2.- Б. 101-102.

**1998**

**75.** Әлеўов Ө., Шылманов А. Әжинияздың тәлим усылы ҳаққындағы көз қараслар // Қарақалпақстан жаслары.-1998. - 28 май.

**1999**

**76.** Атаханов Б. Әдебият сабағында «Бозатаў» поэмасын өтиўдеги ис тәжирийбелеримнен // Еркин Қарақалпақстан.- 1999. - 16 сент.

**77.** Әбдимуратов М. Шайырдың қосықлары унар ҳәммеге: [Әжинияздың туўылғанына 170 жыл толыў алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. -1999. - 24 апр.

**78.** Әжиниязға арналды: Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университетиниң мәдeният сарайында Әжинияз Қосыбай улының туўылғанына 170 жыл толыў мүнәсибети менен илимий – теориялық конференция болып өтти // Қарақалпақстан жаслары.-1999. - 17 февр.

**79.** Әлеўов Ө., Шылманова Г. Әжинияздың Қазақстан ҳәм Оренбургке сапары // Әмиўдәрья. - 1999. - № 5 - 6. - Б. 11-13.

**80.** Базарбаев Ж. Инсан қәдириниң жыршысы: [Әжинияздың туўылғанының 175 жыллығы] // Қарақалпақстан муғаллими. - 1999. - № 3- 4. - Б. 3.

**81.** Байназаров Қ. Әжинияз шайырдың қәбири таллық бойынан табылды // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 1 авг.

**82.** Базарбаев Ж. Ҳаял гөззалығы - Әжинияз поэзиясының гүлтажы: [Әжинияз шайырдың 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. -1999. - 21 сент.

**83.** Байжанов Т. Әжинияз шығармаларында Хорезм темасы // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 11 дек.

**84.** Байниязов Қ. Бабамыз өмирине терeңирек үңилсек яки урпақларынан кимлерди билемиз?: [Әжинияздың туўылғанының 175 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 18 дек.

**85.** Баҳадырова С. Әжинияз шайыр ҳаял – қызларды жырласа…: [Әжинияз шайырдың 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. -1999. – 16 дек.

**86.** Баҳадырова С. Зийўар шайыр ҳаял – қызларды жырласа…: [Әжинияз шайырдың 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. -1999. – 14 сент.

**87.** Бекбергенов А. Зийўар – сөздиң ийеси: [Әжинияздың туўылғанының 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. – 1999. – 23 сент.

**88.** Дәўлетназаров Х., Өтеўлиев Ө. Дәрья ағар болар бир аққан жерден…: [Әжинияз шайыр өткен жолларда] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 26 окт.

**89.** Дәўлетназаров Х., Өтеўлиев Ө. Шайыр өмириниң исми - әдалат:[Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 170 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 21 окт.

**90.** Жаниев С. Сөз зергери исми менен аталып: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 175 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 18 дек.

**91.** Жәримбетов Қ. Инсан, ийман ҳәм Ўатан жыршысы: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 175 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 18 дек.

**92**. Ибрагимов Я. Қарақалпақ әдебиятының мақтанашы: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанының 175 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 9 сент.

**93.** Камалов Қ. Зийўар шайыр дөретиўшилиги ҳәм ХХ әсирдеги қарақалпақ поэзиясы // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 18 дек.

**94.** Қайырбаев Ж., Пазылов А. Әжинияздың нәсият қосықлары ҳәм олардың тәлим ислериндеги орны // Қарақалпақстан муғаллими. - 1999. - № 3 - 4. - Б 12.

**95.** Қәлимбетов Б. Поэзияның жасаў түрлери: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. - 1999. - 23 сент.

**96.** Қурамбаев К. Әжинияз дөретиўшилигинде шығыс әдебияты дәстүрлери // Қарақалпақстан муғаллими. - 1999. - № 3 - 4. - Б 15.

**97.** Мәмбетов К. Әжинияз поэзиясында шығыс классиклерине тән болған миниатюралық образлар: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 14 дек.

**98.** Пахратдинов Ә. Әжинияз шайырдың әдебий орталығы // Қарақалпақстан муғаллими. - 1999. - № 3 - 4. - Б. 10.

**99.** Пахратдинов Э. «Бозатаў» шығармасы туўралы азы – кем сөз: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. – 1999. – 11дек.

**100.** Пирназаров Р. Әжинияз шайыр ҳәм Әбдиқәдир шайыр дөретпелериниң дәстүрий байланыслары // Қарақалпақстан муғаллими. - 1999. - № 3 - 4. - Б. 76.

**101.** Сәтбаев О. Қосықтың бир қатары…: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. - 18 дек.

**102.** Сейтова З. Әжинияз шығармаларында ҳаял - қызлар образының сәўлелениўи: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығы алдынан] //Еркин Қарақалпақстан. -1999. - 15 июль.

**103.** Султанов Қ. Бозатаў лирикалық поэма: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығы алдынан] // Нөкис ҳақыйқаты. -1999. - 1 июнь.

**104.** Султанов Қ. Шайыр туўылған жер ҳаққында: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. -16 нояб.

**105.** Тәжимуратова Г. Әжинияз дөретиўшилигиниң фольклорлық бояўлары: [Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллығы алдынан] // Қарақалпақстан жаслары. - 1999. - 19 авг.

**106.** Қарлыбаев Г. Әжинияз шығармалары тилиндеги айырым сеслик қубылыслар // Әмиўдәрья. -1999. - № 5 - 6. - Б. 13 - 15.

**107.** Мәдреймов К. Әжинияз лирикаларында образлылық ҳәм ҳаял – қызлар портретин жасаўдағы шеберлик: [Әжинияз 175 жаста] // Әмиўдәрья. - 1999. - № 4. - Б. 106 - 107.

**108.** Пирназаров Р. Әжинияз шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллары // Әмиўдәрья. – 1999. - № 5 - 6. - Б. 9 - 11.

**109.** Хожамуратова П. Әжиниязға бағышланды: [Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында Әжинияздың туўылғанының 175 жыллығына бағышлап илимий - әмелий конференция болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. -1999. – 18 сент.

**110.** Худайбергенов К. Әжинияз шығармаларында философиялық көз - қараслар // Әмиўдәрья. – 1999. - № 3.- Б. 103- 110.

**111.** Шамуратов М. Зийўар тойы руўхыят байрамына айланбақта: [Иргелес Наўайы ўалаяты туўысқанлардан хат] // Еркин Қарақалпақстан. -1999. -21 дек.

**2000**

**112.** Әлеўов Ө., Шылманова Г. Әжинияздың жәмийетлик философиялық көз-қараслары // Еркин Қарақалпақстан. - 2000 – 11 июнь.

**113.** Садыкова С., Ембергенова А. Әжинияз философиясы // Әмиўдәрья - 2000.- № 4-Б. 91-92.

**114.** Ҳамидуллаев К. Гезлесип үлпет болдым: бир пара қазақ билан: [Әжинияз дөретиўшилигиниң қазақ поэзиясы менен байланысы] // Әмиўдәрья. - 2000. - № 4. - Б. 84 - 86.

**115.** Султанова Ж. Әжинияз шығармаларында ҳаял - қызлар темасының жырланыўы // Әмиўдәрья. - 2000. - № 2- Б.97.

**2002**

**116.** Қәлимбетов Б. Естеликтеги ерси ойлар: [Әжинияз шайырдың естелиги ҳаққында] // Устаз. - 2002. - 6 июнь.

**2003**

**117.** Көптлеўова Н. Әжинияз шайыр дөретпелеринде миллий ғәрезсизлик идеясының сәўлелениўи // Қарақалпақстан жаслары.- 2003. - 26 июнь.

**118.** Сапаров Ж. Әжинияз естелиги ҳаққында ойлар // Еркин Қарақалпақстан. – 2003. – 1 апр.

**2004**

**119.** Базарбаев Ж. Әжинияз лирикасының муҳаббат философиясы // Қарақалпақстан жаслары. - 2004. - 5 июнь.

**120.** Базарбаев Ж Әжинияздың сөз маржанлары бийбаҳа мийрас: [Әжинияз шайырдың 180 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004. - 12 авг.

**121.** Караматдинова Б. Көркем сөздиң шебер устазы: [Әжинияздың 180 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004. - 21февр.

**122.** Қәлимбетов Б. Әжинияз көркем сөз устасы // Әмиўдәрья.- 2004. - № 4. - Б. 156 -159.

**123.** Пахратдинов Ә. «Бозатаў» поэмасының келип шығыў тарийхы ҳаққында // Нөкис ҳақыйқаты. - 2004. – 24 июнь.

**124.** Пиржанов У. Қарақалпақ шайырларының сәрдары // Еркин Қарақалпақстан. - 2004. - 23дек.

**125.** Смамутов К. Әжиниязды оқығанда: [Әжинияз шайырдың 180 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004. -17 июнь.

**2005**

**126.** Базарбаев Ж. Әжинияз поэзиясындағы инсан философиясы // Устаз жолы. -2005. - 29 янв.

**127.** Байниязова Қ. Әжинияздың тамғалы ҳасасын бурынғы халына қалай келтиремиз? // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. - 11 окт.

**128.** Қәлимбетов Б. Әжинияздың «Бозатаў» поэмасындағы лирикалық персонажлардың руўхый дүньясы // Әмиўдәрья. - 2005. - № 4. - Б. 120 - 122.

**129.** Смамутов К. Әжинияз поэзиясын терең түсинемизбе? // Еркин Қарақалпақстан. - 2005. - 12 июль.

**130.** Смамутов К. Гөззалдың Зийуары болса // Устаз жолы. - 2005. - 15 янв.

**2006**

**131.** Байниязов Қ. Әжинияз шайыр саяхатшы болғанба? // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 28 нояб.

**132.** Бердимуратова Р. Әжинияз шайыр шығармаларының тәрбиялық әҳмийети // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. - 19 авг.

**133.** Пахратдинов Ә. «Бозатаў» шығармасындағы тарийхый ҳәм поэтикалық шеберлик // Әмиўдәрья. - 2006. - № 1.- Б.119 -123.

**134.** Смамутов К. Әжинияз дөретиўшилигин изертлеўдиң базыбир машқалалар // Еркин Қарақалпақстан. - 2006.- 6 июль.

**135.** Султанов А. Зийўарды дәрбе – дәр еткен мухаббат // Еркин Қарақалпақстан. - 2006. -10 июнь.

**2007**

**136.** Байниязов Қ. Тарийхтың қәте кемшиликлери дүзетилиўи керек: [Әжинияз ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.- 2007. - 6 нояб.

**137.** Дәўлетназаров К. Әжинияз. Дәўран болмады // Еркин Қарақалпақстан. - 2007. - 21 июль.

**2009**

**138.** Бекбергенова З. Әжинияздың қарақалпақ шайырларының дөретиўшили - гине тәсири // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 2 июнь.

**139.** Қәлекеева З. Әжинияз шығармаларында жоқары руўхыйлық // Устаз жолы. - 2009. - 7 февр.

**140.** Смамутов К. Әжиниязды оқығанда… // Әмиўдәрья. - 2009.- № 4. - Б. 119 – 125.

**141.** Турдыбаев К. Шайырдың дидактикалық ой - пикирлери: [Әжинияздың 185 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан.- 2009. - 25 апр.

**142.** Утеўлиев И. Әжинияз шығармаларында қураны кәрим ибаралары // Устаз жолы. – 2009. – 14 нояб.

**2010**

**143.** Байниязова Т. Әжинияз ҳәм Бердақ шығармаларын баспаға таярлаўдың айырым мәселелери // Еркин Қарақалпақстан. - 2010. - 16 окт.

**144.** Бегниязова Қ. Шайыр шығармаларының көркемлиги // Устаз жолы. – 2010. – 9 янв.

**2011**

**150.** Базарбаев Ж. Әжинияз шайырдың туўылған сәнеси ҳаққында азы - кем мағлыўматлар // Қарақалпақстан жаслары. - 2011. - 7 апр.

**151.** Нызанов М. Зийўар: [драма] // Әмиўдәрья. - 2011. - № 6. - Б. 37 - 57.

**152.** Смамутова Ш. Әжинияз бенен қыз Меңештиң суў бойында айтысының идеясы ҳәм тематикасы // Әмиўдәрья. – 2011. - № 6. – Б. 116 – 121.

**2013**

**153.** Ибраимова Г. Әжинияз поэзиясының жанрлық өзгешеликлери // Қарақалпақстан жаслары. - 2013. - 21 март.

**154.** Караматдинова Б. Руухый гөззаллық тымсалына айланған шайыр // Еркин Қарақалпақстан. - 2013.- 16 апр.

**155.** Пахратдинова А. "Анажан", "Әжинияз бабам": [қосықлар] // Ma'deniyat ha'm sport. - 2013. - 22 июнь.

**156.** Пахратдинов Ә. Әжинияз шайырдың миллий мийрасы ҳәм дөретиўшилик байлығы ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. - 2013. - 2 нояб. Хожаниязов Г. Уллы инсанларды еслеў ҳәм қәдирлеў ағла пазыйлет: [ Шайыр Әжинияз бабамыздың оқыған ҳәм жерленген орынларын изертлеўлер ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2013. - 11 апр.

**2014**

**157.** Абдиназимов Ш. Ҳақ мени инсан жараттың...: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанына 190 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.-8 июль.

**158.** Алламбергенов Қ. Бүлбилзибан уллы шайыр: [Әжинияз 190 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014. - 20 нояб.

**159.** Альниязов А. Сөз гәўҳарын қәстерлеген уллы шайыр: [Әжинияз Қосыбай улының туўылғанына 190 жыл] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014. - 23 дек.

**160.** Альниязов А. Уллы сөз зергерине бағышланды: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.-30 дек.

**161.** Әлеўов Ө. Тәғдир алладандур...: [Әжинияз шайыр ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014. - 23 дек.

**162.** Караматдинова Б. Биз Әжинияз әўладларымыз: [Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик институтында Әжинияз шайырдың туўылғанына 190 жыл толыў мүнәсибети менен илимий -теориялық конференция болып өтти] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.- 29 март.

**163.** Қощанов Б. Шайырдың өз дәўирине көз - карасы: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.- 21 июнь.

**164.** Қощанов Б. Әжинияз шығармаларында жасларды әдеп - икрамлылыққа тәрбиялаў: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығы] // Қарақалпақстан жаслары. - 2014.-19 июнь.

**165.** Қощанов Б. Әжинияздың жаслар тәрбиясына көз - қарасы // Қарақалпақстан жаслары. - 2014. - 24 июль.

**166.** Рейпназаров Н. Қос байрам мүнәсип белгиленди: [Булбилзибан шайыр Әжинияздың 190 жыллығы ҳәм Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының 80 жыллығы] // Қарақалпақстан жаслары. - 2014.- 27 нояб.

**167.** Сейдеметов И. Әжинияздың философиялық лирикасы // Еркин Қарақалпақстан. - 2014 . - 7 авг.

**168.** Сейтназарова Т. Бүлбилзибан бабамызға бағышланды:[Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.- 25 дек.

**169.** Ҳамидов Ҳ. Әжинияз ҳәм қоңсылас халықлар әдебий байланыслары // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.-30 окт.

**170.** Худайбергенова У. Қарақалпақ халқынын уллы ойшылы: [Әжинияз Қосыбай улының 190 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014. - 16 дек.

**2015**

**171.** Алламбергенов К. Гузар дәрбентиндеги уллы шайыр: [Әжинияз Қосыбай улы ҳаққында] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015. - янв.

**172.** Дәўлетов М. Әжинияз ҳәм басқа да шайырлардың шығармалары тилинде гейпара сөзлердиң семантикалық қолланылыў өзгешеликлери // Әмиўдәрья. - 2015. - № 6.

**2016**

**173.** Әлеўов Ө. Бул дүньяның көрки адам баласы: [Әжинияз дөретиўшилиги - инсан өмири ҳәм руўхый әлеми] // Қарақалпақ әдебияты. - 2016. - авг.

## *Рус тилинде*

**174.** Абдуллаев А. Новое слово об Ажиниязе // Советская Каракалпакия. - 18 - янв.

**175.** Альниязов А. Жемчужина Каракалпакской классической поэзии: [190-летие классика, каракалпакской литературы Ажинияза Косыбай улы] // Qoraqalpog'iston tongi. - 2015.-1янв.

**176.** Байниязов К. Поэт - лирик, поэт – борец // Советская Каракалпакия. - 1975. - 8 июль.

**177.** Байниязов К. Новое об Ажиниязе // Советская Каракалпакия. -1978. - 12 янв.

**178.** Байниязов К. Слово об Ажиниязе // Вести Каракалпакстана.-1995.- 31 янв.

**179.** Бутвиловская А. В честь поэта и гражданина // Вести Каракалпакстана.-1994. - 26 нояб.

**180.** Давкараев Р. Подарить читателю поэта // Советская Каракалпакия.-1976. - 29 февр.

**181.** Максетов К. Певец Каракалпакского народа // Советская Каракалпакия.-1975 -29 окт.

**182.** Навоий и Ажинияз. // Советская Каракалпакия.-1967 - 7 янв.

**183.** Навстречу юбилею Ажинияза // Вести Каракалпакстана.-1993. - 6 марта.

**184.** Пахратдинов А. Поэт, ученый, гражданин. // Вести Каракалпакстана.-1994.-29 окт.

**185.** Тюгай Г. Великий мастер слева. // Вести Каракалпакстана -1994. - 17 дек.

**Дүзиўшилер:**
**Мағлыўмат библиография бөлими баслығы:** **Г. Аббазова**

**Мағлыўмат библиография бөлими**
**бас китапханашысы:** **Г. Тажимуратова**